



Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA KI AJOUTE JESYON DOULÈ NAN LIS MALADI KI KALIFYE POU TRETMAN MARIGWANA MEDIKAL

Gouvènè Andrew M. Cuomo siyen jodia yon lwa (S8987A/A 11011-B) ki vin ajoute jesyon doule entans nan lis maladi yo ka rekòmande marigwana medikal kòm altènativ itilizasyon opioid. Pwojè lwa a pral pèmèt tou pou founisè tretman twoub itilizasyon sibstans rekòmande marigwana medikal pou ede pasyan yo jere doule pwofon ki kontribye ak abi sibstans tankou opioid yo.

“Nan batay sa a kont epidemi opioid, li essansyèl ke nou sèvi ak tout mwayen ki nan dispozisyon nou pou anpeche preskripsyon ki pa nesesè remèd doule ki ka kreye depandans sa yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ajoute kondisyon sa yo sou lis sa ki apwouve pou jesyon ak marigwana medikal pral diminye risk depandans epi bay moun New York k ap soufri yo soulajman yo bezwen.”

“Nou konnen marigwana medikal ka sèvi yon altènativ itil pou yon latriye maladi ak kondisyon”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Lè li pwolonje lis apwouve a, n ap bay moun New York nouvo opsyon, ak anpeche danje ki genyen nan depandans opioid.”

Pwojè lwa a pral fòmalize an lwa chanjman reglemantè Depatman Sante (Department of Health) te aplike nan kòmansman ane sa a ki te ajoute ranplasman opioid ak twoub itilizasyon opioid sou lis kondisyon ki egziste pou yon pasyan kalifye pou marigwana medikal. Pou rekòmande marigwana medikal pou jesyon doule, yon pratrisyen lisansye dwe detèmine ke doule pasyan an ap degrade sante li ansanm ak kapasite pou li fonksyone, ansanm ak yon ansanm kèk lòt egzijans.

Senatè George Amedore, ki se Prezidan Komite Pèmanan sou Alkolis ak Toksikomani nan Sena a (Senate Standing Committee on Alcoholism and Substance Abuse), te deklare, “Alòske Gwoup Travay Sena a sou Depandans Ewoyin ak Opioid (Senate Task Force on Heroin and Opioid Addiction) te vwayaje nan eta a, sa te reprezante yon gwo eka ke nou te tande anpil, anpil. Lè n ap gade solisyon pou ede nou konbat epidemi ewoyin ak opioid, nou dwe asire nou ke moun k ap preskri yo ak pasyan yo genyen tout resous ak opsyon ki disponib pou yo. Mwen kontan ke gouvènè a te siyen lwa sa a ki pral ede pasyan yo ak ofri yon altènativ pou opioid ki kreye gwo depandans yo”.

Prezidan Komite Sante Asanble a ak sipòtè pwojè Iwa a (Assembly Health Committee), Richard N. Gottfried, te deklare, “Depandans opioid pa fè diskriminasyon, li frape moun New York tout laj, sèks ak ras. Prèk atravè peyi a montre ke aksè ak marigwana pou tretman doulè diminye itilizasyon opioid ki prezante plis danje. Marigwana medikal se yon tretman altènativ san danje pou trete doulè. Mwen felisite Gouvènè a dèskè li siyen pwojè Iwa a epi l ap kontinye travay pou ogmante aksè ak marigwana medikal pou pasyan ki gen bezwen”.

Manm Asanble Linda B. Rosenthal, Prezidan Komite sou Alkolis ak Abi Sibstans nan Asanble a (Assembly Committee on Alcoholism and Drug Abuse), te deklare, “Moun k ap chache tretman pou twoub itilizasyon sibstans ak sa ki aflije anba doulè kwonik dwe gen aksè ak pi bon gam opsyon medikal. Lè li ajoute twoub itilizasyon sibstans ak jesyon doulè nan lis kondisyon ki kalifye pou tretman ak marigwana medikal, nou pral pèmèt moun New York pwofite avantaj teknik rediksyon doulè ki ka sèvi altènativ kont opioid ki kreye gwo depandans. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li siyen dispozisyon sa a an Iwa epi li ba nou ak yon lòt zouti ankò pou konbat kriz sante piblik depandans ak ovèdoz opioid la”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)